

Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2019

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AGRANDISMAN SYÈJ PRENSIPAL ROCHESTER INSULATED GLASS LA NAN KONTE ONTARIO**

***Premyè Faz Devlopman Fabrikan Vit la Pral Kreye Prèske 50 Nouvo Djòb***

***Investisman an ap Konplemanje Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Rochester Insulated Glass (RIG) te fin konplete premyè nan de faz agrandisman syèj prensipal yo a nan Vil Manchester, nan Konte Ontario. Nan kad agrandisman an, konpayi fabrikasyon vit la te pran angajman pou yo kreye omwen 47 nouvo djòb, epi yo te reyisi vanse pou ranpli 46 nouvo pòs travay. Anplis de sa a, avèk asistans Eta a, konpayi a te dakò pou yo retri 56 djòb ki te arisk nan lokalite yo genyen nan Merrick Circle a. Yo prevwa llyèm Faz pwojè a ap fini nan mwa Mas 2019. Lè nou investi nan konpayi reyisi yo, n ap sipòte estrateji inisyativ Finger Lakes Forward la k ap travay pou revitalize kominote yo atravè sipò pou ekonomi rejyonal la.

“Avèk investisman entèlijan ak patenarya estratejik yo, Eta New York ap ankouraje kreyasyon djòb epi estimile ekonomi lokal nan toule kat kwen eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou travay ak konpayi tankou Rochester Insulated Glass la, sa ap ede nou retri epi kreye djòb pou gason ak fanm k ap travay di nan eta sa a yo epi pwomouvwa kwasans pou biznis yo toupatou atravè rejyon an.”

“Agrandisman Rochester Insulated Glass la ap kontinye devlope endistri fabrikasyon an nan rejyon an epi kreye nouvo djòb”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Avèk investisman sa a eta ap fè a, konpayi familyal fabrikasyon vit la ap ofri nouvo opòtinite nan Konte Ontario a epi l ap kontinye fabrike pwodwi inovatè nan New York. Nou pran angajman pou nou investi nan konpayi tankou RIG a yo pou nou ka kontinye fè vanse inisyativ Finger Lakes forward la epi devlope ekonomi an.”

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare,** “Rochester Insulated Glass, ki se yon lidè nan fabrikasyon bon jan kalite vit, se yon konpayi familyal twazyèm jenerasyon, ki se yon pati enpòtan nan Rejyon Finger Lakes la. Nou fyè pou nou sipòte RIG ak objektif li genyen pou l fabrike bon jan kalite pwodwi isit la menm nan Eta New York”.

Pou nou ka rete konpetitif, pwojè a gen ladan acha machin ak ekipman modèn depwent ki pral ede konpayi a jwenn siksè. Pou sipòte agrandisman an, Empire State Development ap ofri 100,000 dola nan Sibvansyon an Kapital Fon pou Devlopman Ekonomik lan (Economic Development Fund Capital Grant), ansnam ak jiska 600,000

dola atravè Pwogram Kredi Taks Excelsior la (Excelsior Tax Credit Program) an echanj pou aganjman kreyasyon djòb yo te pwomèt yo. Montan total pwojè a se 3.35 milyon dola.

**Tyler Wolk, ki se Prezidan Rochester Insulated Glass, te deklare,** “Sipò Eta New York la ap bay konpayi nou an vrèman ankourajan. Pandan plis pase 40 ane deja, nou te resevwa sipò anplwaye ekstraòdinè nou yo tou ki egzanplifye etik travay eksepsyonèl ke kominote sa a gen pou l ofri, epi nou gen plan pou nou kontinye envesti nan kwasans kominote a alavni”.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ap sipòte Rochester Insulated Glass tou avèk plis pase 2 megawat kouran bon mache nan kad pwogram ReCharge NY Gouvènè Cuomo a, ki ofri biznis ak òganizasyon san bi likratif ki kalifye yo kouran bon mache NYPA an echanj pou yo pran angajman pou yo retri oswa kreye djòb nan Eta New York la.

“Desizyon Rochester Insulated Glass pran pou yo rete ak agrandi nan Rochester a se yon trè bòn nouvèl pou rejyon Finger Lakes la”, **Gil Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA yo, te deklare.** “Pwogram ReCharge NY Gouvènè a ap sipòte prèske 380,000 djòb toupatou atravè eta a epi NYPA fyè pou nou rantabilize enèji idwolik bon mache pou nou pwomouvwa kwasans ak estabilite ekonomik nan New York.”

Rochester Insulated Glass, Inc. (RIG) se yon fabrikasyon vit inovatè ke Stanley ak Richard Wolk te fonde an 1972. Depi kreyasyon biznis lan, RIG rete alatèt inovasyon pwodwi ak solisyon fabrikasyon pou endistri vit plat achitektiral la. Biznis famiyal, detni ak eksplwate depi twa jenerasyon sa a, sèvi kliyan nan Amerik Dinò a ak toupatou atravè lemond. Pwodwi RIG yo te ekspozè nan plizyè gran pwojè devlopman, ki gen ladan renovasyon nan Blding Niagara Mohawk la nan Syracuse, Sant John F. Kennedy a (John F. Kennedy Center) nan Washington, D.C., ak Ayewopò Entènasyonal Calgary a (Calgary International Airport), pami lòt ankò.

**Senatè Pam Helming te deklare,** “Anons jodi a se yon trè bòn nouvèl pou rejyon nou an! Agrandisman Rochester Insulated Glass nan Manchester a se yon viktwa pou kominote nou an epi sa pral ede kontinye estimile devlopman ekonomik ak kreyasyon djòb. Nan travay ansanm, nou ka amelyore ekonomi nou an epi kreye nouvo opòtinite anplwa pou rezidan lokal yo. Fanmi Wolk la te pran angajman anvè rejyon nou an pandan anpil jenerasyon epi Rochester Insulated Glass se yon antrepriz sitwayèn modèl. Yo jere biznis yo avèk yon nivo entegrite ki pi elve. Antanke yon Senatè Eta a, mwen pral kontinye travay ak Gouvènè a, Empire State Development, kòlèg mwen yo nan Lejislati a, ak lidè lokal tankou Sipèvizè Minisipal Manchester a, Jeff Gallahan, pou nou pwomouvwa nouvo opòtinite anplwa nan rejyon nò New York la. Ansanm avèk kominote antrepriz la, nou pral kontinye efò agresif n ap fè pou nou ede biznis lokal tankou Rochester Insulated Glass devlope, reyisi, epi kreye nouvo djòb pou travayè lokal yo ak fanmi yo”.

**Prezidan Komite Konte Ontario a Jack Marren te deklare,** “Nan non BOS Konte Ontario a, mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Empire State Development paske y ap ofri RIG asistans estratejik pandan y ap vanse avèk agrandisman yo an nan

Vilaj Manchester a isit la nan Konte Ontario. RIG se yon fabrikan pwodwi an vit trete ki gen grand valè. Yo sèvi devlopè pwopriyete komèsyal yo toupatou atravè lemond. Machandiz komèsyalizab yo fabrike isit la nan Konte Ontario a yo ap ede mentni bon jan djòb nan RIG epi yo gen anpil avantaj dirèk ak endirèk pou ekonomi lokal la. Nou ap felisite RIG paske yo chwazi pou yo agrandi ak sekirize avni gran konpayi sa a isit la”.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Rochester Insulated Glass, klike [la](#).

### **Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”**

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)